

## OTORIZASYON POU DIVILGE ENFÒMASYON

Moun Dosye ki gen dosye ki dwe divilge a (Ekri non an <u>majiskil</u> ):	SSN: _____		
Prenon	Dezyèm prenon	Non Fanmi	Dat li fêt: _____ Mwa Jou Ane

**Mwen bay otorizasyon epi mwen fè demann avèk volonte mwen pou yo divilge (avèk tou divilgasyon sou papye, aloral oswa sou fòm elektwonik) tout enfòmasyon medikal mwen, dosye edikasyon mwen, ak lòt enfòmasyon ki konsène kapasite mwen pou fè travay.**

**Sa gen ladan pèmisyon espesifik pou divilge:**

1. Tout dosye ak lòt enfòmasyon konsènan tretman mwen, lè mwen te entène lopital, ak swen san mwen pa t entène pou twoub, avèk tou, men pa sèlman:
  - Twoub sikolojik, twoub sikiyatrik oswa lòt twoub mantal (yo), (sof nòt sikoterapi jan sa defini nan 45 CFR 164.501).
  - Itilizasyon dwòg, konsomasyon alkòl, oswa itilizasyon lòt sibstans.
  - Drepanositoz.
  - Twoub ki asosye ak jèn, avèk tou rezulta tès jenetik yo.
2. Dosye ki kapab endike prezans maladi kontajye oswa maladi veneryen ki ka gen ladan, men pa sèlman, maladi tankou epatit, sifilis, blenoraji, ak viris imino-defisyen imen ki rele tou Sendwòm Imino-Defisyen Aki (SIDA) ak tès pou detekte VIH.
3. Enfòmasyon konsènan fason twoub mwen (yo) afekte kapasite mwen pou fè travay ak aktivite toulejou, ak kapasite mwen pou travay.
4. Enfòmasyon ki kreye nan 12 mwa apre dat otorizasyon an siyen, ak nenpòt lòt enfòmasyon pase.

**Otorizasyon sa a deziyen pou divilge enfòmasyon ki NAN:**

- Tout sous medikal yo (lopital, klinik, laboratwa, doktè, sikològ, elatriye) avèk tou tretman pou sante mantal, tretman nan sant koreksyonèl, ak nan sant medikal Vijini.
- Tout sous edikasyon (lekòl, pwofesè, administratè dosye, konseye oryantasyon, elatriye).
- Travayè sosyal oswa konseye reyabilitasyon.
- Egzaminatè konsiltasyon DCF oswa DDD itilize.
- Kote mwen travay.
- Lòt moun ki kapab konnen enfòmasyon sou eta sante mwen (manm fanmi, vwazen, zanmi, ofisyèl publik).

**Otorizasyon sa a deziyen pou divilge enfòmasyon BAY:**

- Depatman Timoun ak Fanmi,
- Divizyon Detèminasyon Enfimite, avèk tou sèvis kopi kontra, ak doktè yo, epi
- Lòt pwofesyonèl yo konsilte pandan pwosesis evalyasyon enfimite a.

**OBJEKTIF** otorizasyon sa a se pou jwenn enfòmasyon ki kapab itilize pou detèmine si mwen kalifye pou resevwa benefis yo, epitou pou yo gade efè melanje nenpòt twoub ki kapab pa ranpli kondisyon definisyon enfimite SSA yo itilize nan DCF.

**EKPLIKASYON FÒMILÈ CF ES 2514:** Nou bezwen otorizasyon ou alekri pou ede jwenn enfòmasyon ki nesesè pou trete aplikasyon Medicaid ou. Lalwa ak règleman yo mande pou sous enfòmasyon pèsònèl yo gen yon otorizasyon ki siyen anvan yo divilge yo ban nou. Epitou, lalwa mande otorizasyon espesifik pou divilge enfòmasyon sou sèten kondisyon ak nan sous edikasyon yo. Ou kapab bay otorizasyon sa a depi w siyen yon fòmiliè CF ES 2514. Lalwa federal pèmèt sous ki gen enfòmasyon sou ou divilge enfòmasyon yo si w siyen yon senp otorizasyon pou divilge tout enfòmasyon ou nan tout sous posib yo. N ap fè kopi enfòmasyon yo pou chak sous. Yon enstisyon ki kouvri (ki se yon sous enfòmasyon medikal sou ou) kapab pa tretman maladi, peman, anwolman, oswa elijiblité pou benefis yo sou si w siyen fòmiliè otorizasyon sa a. Kék Eta ak kék sous enfòmasyon endividiyèl, mande pou otorizasyon an sitou endike non sous ou otorize pou divilge enfòmasyon pèsònèl ou. Nan ka sa yo, nou kapab mande w pou w siyen yon otorizasyon pou chak sous epitou nou kapab kontakte ou ankò si nou bezwen w pou siyen plis otorizasyon.

**ENFÒMASYON ENPÒTAN ENFÒMASYON PRIVE:** Enfòmasyon pèsònèl DCF oswa DDD rasanble pwoteje nan Lwa 1974 sou Enfòmasyon Prive ak Lwa 1996 sou Pòtabilité ak Responsabilite nan zafè Asirans-Sante (HIPAA). DCF konsève dosye yo dapre règleman ki nan CFOP 15-4.

**OU LIB POU SIYEN FÒMILÈ SA A**, men si w pa siyen li oswa si w anile otorizasyon an anvan nou resevwa enfòmasyon ki nesesè yo, sa kapab anpeche yon desizyon egzat oswa nan bon moman sou aplikasyon Medicaid ou, epitou sa kapab lakòz yon refi pou benefis yo oswa ou kapab pèdi yo. Menm si enfòmasyon nou jwenn avèk fòmiliè sa a prèske pa janm itilize pou okenn objektif pase sa ki endike anwo a, DCF kapab divilge enfòmasyon yo san konsantman ou si lalwa federal, tankou Lwa sou Enfòmasyon Prive, bay otorizasyon pou sa. Pa egzanp, DCF kapab divilge enfòmasyon yo:

- Pou pèmèt yon twazyèm pati (sétadi doktè w al konsilte) oswa lòt biwo gouvenman pou ede DCF etabli dwa ak/oswa pwoteksyon pou benefis pou enfimite.
- Dapre lalwa ki otorize divilgasyon enfòmasyon ki nan dosye DCF (pa egzanp, Enspektè Jeneral, biwo federal oswa biwo leta oswa oditè benefis, oswa Depatman ki okipe Afè Veteran).
- Pou rechèch estatistik ak aktivite odit ki nesesè pou asire entegrite ak amelyorasyon pwogram DCF yo.

DCF ap re-divilge enfòmasyon yo san bon konsantman alekri ou davans, enfòmasyon ki gen pou wè ak konsomasyon alkòl ak/oswa itilizasyon dwòg jan sa endike nan pati 2 ki nan 42 CFR, oswa nan dosye edikasyon pou yon minè yo jwenn anba pati 99 ki nan 34 CFR (FERFA), oswa nan biwo gouvenman lokal. Anpil biwo ka itilize pwogram pou koresponn dosye pou jwenn oswa pwouve yon moun ranpli kondisyon pou benefis gouvenman federal la peye. Lalwa pèmèt nou fè sa menm si w pa dakò. Eksplikasyon sou rezon posib ki fè enfòmasyon ou ban nou yo kapab itilize oswa divilge disponib sou demann nenpòt biwo DCF.

**Otorizasyon sa a ap FINI nan 12 mwa ki vini apre dat li siyen (sat ki anba siyati mwen).**

- Mwen otorize pou yo itilize yon kopi (avèk kopi elektwonik tou) fòmiliè sa a pou divilgasyon enfòmasyon ki endike anwo a.
- Mwen rekonèt genyen kék sikonstans kote yo kapab re-divilge enfòmasyon sa yo bay lòt pati (al gade detay ki anwo a).
- Mwen kapab ekri DCF ak sous mwen yo pou anile otorizasyon sa a nenpòt kilè. Mwen rekonèt enfòmasyon yo rasanble anvan anilasyon an ap itilize pou detèmine si mwen enfim.
- DCF ap ban mwen yon kopi fòmiliè sa a si mwen fè demann lan. Mwen kapab mande sous la pou kite mwen enspekte oswa jwenn yon kopi dokiman ki divilge yo.
- Mwen li tout sa ki nan fòmiliè sa a epi mwen dakò pou divilgasyon yo ki anwo a nan kalite sous ki nan lis la.

Tanpri siyen avèk plim ble oswa nwa.  <b>SIYEN LA A ►</b>	Si moun ki aksepte divilgasyon an pa siyen, endike rezon pou otorite a siyen: <input type="checkbox"/> Paran minè <input type="checkbox"/> Gadyen legal <input type="checkbox"/> Moun ki gen pwokirasyon <input type="checkbox"/> Lòt (endike):		
Dat siyati a:	Adrès:		
Nimewo telefòn (avèk kòd reyjonal)	Vil	Eta	Kòd Postal
TEMWEN: Mwen konnen moun ki siyen fòmiliè sa a oswa mwen satisfè avèk idantite moun sa a (NESESÈ Si moun nan te siyen anwo a avèk yon "X").			
<b>SIYEN LA A ►</b> Nimewo telefòn oswa adrès temwen		<b>SIYEN LA A ►</b> Nimewo telefòn oswa adrès temwen	
<b>POU Itilizasyon Biwo DCF/DDD SÈLMAN:</b> Ajoute enfòmasyon adisyonèl anba jan sa nesesè pou ede idantife pasyan an (lòt non ki itilize), yon sous espesifik, oswa dokiman ki dwe divilge yo.			
Otorizasyon jeneral ak espesyal sa a pou divilge enfòmasyon te devlope pou respekte dispozisyon konsènan divilgasyon enfòmasyon medikal, enfòmasyon edikasyonèl, ak lòt enfòmasyon dapre P.L. 104-191 (HIPAA); pati 160 ak 164 45 CFR , Seksyon 290dd-2 ki nan Kòd 42 Etazini, pati 2 ki nan 42 CFR, Seksyon 7332 ki nan Kòd 38 Etazini, 38 CFR 1.475; Seksyon 1232g ki nan Kòd 20 Etazini, (FERPA); pati 99 ak 300 ki nan 34 CFR, ak lwa Leta.			